Dudutane Teks yaiku seprangkat basa, lesan utawa tulisan kang nduweni ukuran tartamtu, teges tartamtu, lan tujuwane tartamtu. Dene pacelathon ing bausastra basa jawa bisa ateges guneman, kekandha, caturan, guneman kang ora nyata. Ing kamus Bahasa Indonesia satuan interaksi Bahasa antara dua pembicara atau lebih.

Pacelathon yaiku papan pitakonan kang kalakokake wong loro utawa luwih. Kang ngemu informasi utawa pendapat. Ing sajroning pacelathon, loro karone guneman lan guneman langsung bisa menahi rerembungan ing komunikasi lesan utawa tulisan, ora kaya dene monolog. Pacelathon padha karo pawongan loro ngomong utawa luwih. Nanging pas wektu bebarengan pas ngomong menahi giliran kanggo ngomong lan liyane ngrungokake. Umri dan Indriyani (2008:8)

B. TEKS DRAMA BERTAMU

Ing laladan demak, Bupati Demak ngetokake perda pawongan namu sakdurunge maghrib nganthi isya ora dianjurake namu ing wektu iku. Sanadjan sedulur utawa kaluwarga karana wektu iku bebrayan tlatah Demak pakulinan ngaji lan ngudi kawruh agama. Mula namu kudu mangertine empan papan lan ana unen – unen kutha mawa cara desa mawa tata.

Namu yaiku laku ngendangi panganggone pawongan. Namu bisa amung mampir utawa bisa ngendangi ana kapreluan kudu wigati. Mula namu kudu mangerteni adat – adat kang wus sumebar ing tengah – tengaha ing masyarakat.

1. Kasusilan Pawongan Namu

a) Niat

Niat namu prayoga diperhatikan. Sejatine Niat namu kanggo nyambung reraketan sedulur, ben ora crah lan pedot paseduluran. Niat namu aja nganthi kepingin ngonek – ngonekake gara – gara anake kang nduweni pomahan nganoni anake.

b) Busana kang trep

Namu kudu nggunakake busana kang sedep disawang iku salah sijine ngajeni pawongan kang nduweni omah. Mula busana namu uga prayoga diperhatikan.

c) Namu wektu kang lumrah

Namu kudu mangerteni wektu kapan namu, aja angger namu. Pengin namu esuk ngentheni srengenge jedhul saka wetan lan nak namu wengi aja luwih

saka jam 10.00 WIB. Aturan iki ora katulis saben pomahan nanging wus kasirat ing tengah – tengah masyarakat.

d) Kethok lawang

Kethok lawang sakdurunge ketemu kang nduweni pomahan, aja nganthi langsung mlebu. Saumpama ora krungu Bisa nggunakake salam “assalamualaikum” utawa “kula nuwun” kanggo tandha ana tamu sing pengin kepanggih wong kang nduweni omah.

e) Sopan

Namu laku kudu dijaga. Sakdurunge kang nduweni pomahan “minarakake” ora angger linggih ngentheni dipinarakake sing nduwe omah. Menawa sing duwe omah ana urusan liya, ora minarakake mung ditemoni ing ngarep lawing sinambi ngadeg. Semana uga nak dijamu, ngentheni dimanggaake sing nduwe omah.

f) Santun manut tatakrama

Ing tanah jawa, tatakrama iku pangucapane. Mula mangerteni unggah – ungguh basa jawa miturut tatakrama iku kuwajibanne saben pawongan. Karana ana unen – unen “wong jawa kok ra njawa” pangucapane ora manut unggah – ungguh basa bisa dianggep wong saka endi, mula para siswa lan siswi kudu mangerteni unggah – ungguh basa kanthi cetha.

2. Kasusilan Nampa Tamu

a) Busana kang pantes

Ora amung pawongan namu nganggo busana kang trep, semana uga pawongan kang nampa tamu. Kanggo ngajeni nampa tamu salah sijine busana kang pantes. Pantese busana bisa anggawe bungahe ati pawongan mampir utawa pawongan namu.

b) Sopan santun manut tatakrama

Semana uga pawongan nampa tamu, nampa tamu laku kudu dijaga lan tuturane uga dijaga miturut paugeran tatakrama. Laku kasebut kanggo ngormati tamu ben tamu krasan anggone namu lan ora agawe natune ati tamu. Mula mangerteni unggah – ungguh basa jawa miturut tatakrama kang cumawis wigati banget marang wong kan urip ing tanah jawa iki.

c) Wenehi pasugatan

Nampa tamu kuwajibanne nyuguhna pasugutan apa kang diduweni marang

pawongan kang mampir utawa pawongan namu. Pawongan namu rejeki kang ora bisa dinyana – nyana kanggo pamohan kang diparani. Mula pasugatan saithik iku mau bisa nandesake ing jero ati ngrumangsane diajeni.

d) Nguntapakake

Becike nampa tamu tetamu wus karampungan lan ngaturakake ngucapakake salam pamit, nampa tamu cepet – cepet nguntapake nganthi jabane omah, lan ngaturake ati – ati diadohna alangan – alangan siji – sija.

3. Teks drama bertamu

Pak camat sowan datheng pawiyatan manggih dumatheng bapak guru ajeng cariyos babagan putranipun lan kahanan ing sakiwa tengen, amrih putranipun bapak Camat nggadahi kasusilan miturut tatakrama.

Pak Camat	:	Kula nuwun, nuwun sewu mbok bilih wonten wekdal.
Pak Guru	:	Manga – manga pinarak,(nunjokake panggonan kang wus cemepak) wonten Pak Camat niki taksih ngaso.
Pak Camat	:	Pak Guru, keparenga kula nyuwun priksa!
Pak Guru	:	Punapa ta Pak Camat, ingkang badhe dipundhutaken priksa punika?
Pak Camat	:	Kasusilan punika saking tembung ingkang tegesipun kadospundi?
Pak Guru	:	Miturut tegesipun tembung, kasusilan punika saking tembung susila. <i>Su tegese sae</i> , dene sila tegesipu tindak. Dados kasusilan makaten ateges tindak ingkang sae, inggih muna-muni ingkang sae
Pak Camat	:	O, makaten. Lare-lare utawa para mudha sapunika asring dipun-elokaken kirang kasusilanipun. Punapa punika inggih leres?
Pak Guru	:	Makaten punika inggih gumantung ingkang mastani, lan ugi wonten ingkang dipunwastani. Liripun makaten: manawi ingkang mastani punika adhedhasar unggah-ungguh utawi tata krami kina, umpaminipun dhateng tiyang sepuh kedah mundhuk-mundhuk, mbungkuk ngantos kawastanan nglesot, punika tumrap jaman

		samangke inggih mboten lampah. Dados yen lare dipun-wastani mboten tata punika inggih mboten leres.
Pak Camat	:	Inggih. Yen makaten bakenipun inggih dumunung wonten, sikekipun lare. Yen lare punika sampun ngatingalaken sikep ngaosi lan tembungipun utawi kedaling tembungipun katingal alus, punika inggih sampun temtu kemawon kawastanan mangertos dhateng tata krami
Pak Guru	:	Kasinggihan ngendika panjenengan punika Pak Camat. Tiyang ingkang mangertos dhateng kasusilan utawi tiyang susila makaten. Tiyang ingkang mboten damel susahing tiyang sanes, nanging mboten damel sisahing badanipun piyambak. Mboten damel sengsaraning piyambak
Pak Camat	:	Kula inggih cocog dhateng ngendikanipun Pak Guru punika. Nanging yen wonten tiyang sepuh linggih, lare wau lajeng dlojag-dlajeg, malangerik tetembunganipun kasar, mangka celak tiyang sepuh wau, punika rak nama mboten susila, ta?
Pak Guru	:	Kasinggihan makaten, inggih punika ingkang nama mboten sumerep dhateng kasusilan. Malah umpaminipun wonten pemudha mara tamu, mboten mawi uluk salam, lajeng linggih slenek wonten kursi tanpa dipun-acarani punika inggih mboten susila. Ing babagan punika tiyang sepuh inggih kedah cawe-cawe. Mboten namung njagekaken piwulanging guru. Mangga panjenengan panggalih. Lare punika dangu-dangunipun celak kaliyan guru namung enem jam, kang 18 jam celak kaliyan tiyang sepuhipun
Pak Camat	:	Kok inggih leres ngendikan panjenengan punika. Wonten lare sekawan utawi enem sami sesarengan dolan ndhatengi griyanipun kancanipun, wonten mriku anggenipun nyelehaken sepedhanipun mboten kantenan namung sakjeng-kajengipun, pating glethak ngantos ingkang gadhah griya badhe langkung kemawon mboten saged. Punika rak inggih mboten leres. Punika rak inggih kirang

		susilanipun, ta?
Pak Guru	:	Kasinggihan makaten. Mila kajawi guru, tiyang sepuh inggih kedah greteh mituturi anak-anakipun ing bab punapa kemawon. Yen guru lan tiyang sepuh sampun keplok anggenipun migatosaken utawi ndhidhik anak-anakipun, lajeng mboten wonten pangunek-unek punapa-punapa
Pak Camat	:	Inggih makaten saleresipun. Lare-lare inggih lajeng sami mbangun miturut. Sami ngertos ingkang sae lan ingkang mboten sae, ingkang prayogi lan ingkang mboten prayogi. Matur nuwun sanget saged kepanggih Pak Guru niki badhe wonten perkawis kang kedah dipunrampungke ”
Pak Guru	:	Manga Pak Camat, matur nuwun sanget sakderengipun.

Adhedasar Isine

Dhedasar isine pacelathon, ngemu ukara kaperang dadi : Ukara pitakon, ukara andharan, lan ukara parentah.

(1) Ukara pitakon, yaiku ukara sing isine njaluk katrangan ngenani apa ta apa.

Ukara pitakon dikenani tembung pitakon (Umpamane : apa, sapa, kapan, pira, ing ngendi, kepriye, lsp).

Tuladha :

- (a) Sapa sing mbutuhake dhuwit iki mau ?
- (b) Ing ngendi dununge omahe mas Kusuma ?
- (c) Geneya Andri mbalekake paningsete ?

(2) Ukara andharan, yaiku ukara sing isine ngandharake apa ta apa ngenani samubarang.

Tuladha :

- (a) Bu Sulis arep ngirim dhuwit marang mas Kusuma.
- (b) Mas Agung kari jeng Andri mentas wae tunangan.
- (c) Bapak lan Ibune Andri nyarujuki sesambungane andri kari mas Agung.

(3) Ukara prentah, yaiku ukara sing isine ngongkon (mrentah) supaya wong sing mrentah nandangi apa sing dadi panjaluke wong sing mrentah.

Tuladha :

- (a) Mas, kawinmu jaluken maneh marang mas Agung!
- (b) Kowe saiki menyanga omahe Bu Sulis !
- (c) Kancamu Takkonana siji – siji !

Wangsulana kanthi premati !

- 1. Apa wae tujuwane nulis iku :

.....
.....

- 2. Kepriye cara Nuwuhake trampil nulis :

.....
.....
.....
.....

- 3. Apa bae paugeraning wong kang namu :

.....
.....
.....
.....
.....

- 4. Apa bae paugeraning wong kang nampa tamu :

.....
.....
.....
.....
.....

- 5. Ing teks drama namu, miturut dedasare teks drama !

.....
.....

.....




Mengetahui :
Kepala SMKN 1 Magetan

Drs. SUGIYANTO, M.Pd
NIP. 19650906190031 009

Magetan, 6 Oktober 2021

Guru Mata Pelajaran



HENKHY SUDARMAWAN, S.S
NIP. 19810211 200901 1 010

PENUTUP

Dengan kemampuan memahami unggah ungguh basa jawa miturut tatakrama yang ada sangat membantu dalam hal kita bermasyarakat. Bermasyarakat kita tak lepas dari suatu kegiatan bertamu atau menerima tamu. Bentuk kegiatan bertamu atau menerima tamu adalah salah satu kegiatan interaksi silaturahmi antar individu ke individu yang lain mengakibatkan keharmonisan dalam bermasyarakat.

Keharmonisan bermasyarakat akan timbul berawal dari satuan terkecil individu dengan individu yang lain saling menghormati satu dengan yang lainnya. Hal ini juga dapat mengurangi terjadi gesekan antar individu satu dengan individu lainnya karena kita sudah memahami tata cara penggunaan unggah – ungguh basa jawa menurut tatakrama yang ada beserta mengerti adat adat yang diperlukan baik bertamu maupun menerima tamu. Tanpa kita memahami dan mengerti tata cara adab bertamu maupun adab menerima tamu, bukan mustahil keharmonisan dalam bermasyarakat akan timbul boleh jadi terburuknya terjadi gesekan antar individu dengan individu lainnya.

Apabila individu dengan individu telah merasa puas terhadap cara bertamu maupun menerima tamu yang mereka terima, hal ini akan menjadi kekuatan bagi keharmonisan dalam

bermasyarakat.

EVALUASI

I. Tes Formatif (Pengetahuan/Teori)

Wenehana tandha ping (X) a, b, c, d, lan e miturut mu kang paling bener !

1. Ibu Guru : “Jane ana apa ta Nar, kok saben dina kowe kerep telat !”
Narti : “....”
 - a. Dalem kula tebih, Bu
 - b. Griya kula tebih, Bu.
 - c. Dalem kula adoh, Bu
 - d. Omah kula tebih, Bu
 - e. Griya kula adoh, Bu
2. Danu : “....”
Pak Ganda : “O, dudu Dan,aku ora nduwe buku kaya ngono”.
 - a. “Pak,menapa menika bukunipun sampeyan?”
 - b. “Pak,napa niki bukunipun Bapak?”
 - c. “Pak, napa nika bukunipun njenengan?”
 - d. “Pak,menapa menika leres buku gadhahanipun panjenengan?”
 - e. “Pak, menapa menika buku kagunganipun panjenengan?”
3. Ibu : “Apa layange wis kokaturke Pak Guru,Le?”

Danang : “Mpun Bu, surate pun tak paringke Pak Guru”.

Ukarane Danang iku luput, ukara kang trep yaiku

- a. Sampun Bu, seratipun sampun kula caosaken Pak Guru”.
- b. Sampun Bu, suratipun sampun kula aturaken Pak Guru”.
- c. Sampun Bu, seratipun sampun kula paringaken Pak Guru”.
- d. Sampun Bu, layangipun mpun kula caosake Pak Guru”.
- e. Sampun Bu, layangipun mpun tak aturaken Pak Guru”.

Pacelathon ing ngisor iki kanggo soal no 4 - 5!

Anita : “Sugeng enjing Pak Ruslan.”

Pak Ruslan : “Sugeng enjing, o ... Dhik Nita, kene ayo lenggeh kene.”

Anita : “Nyuwun pangapunten Pak, kula punika sepisan silaturahmi, dene kaping kalih wonten perlunipun.”

Pak Ruslan : ”Ana perlu apa, gek ndang

4. Pak Ruslan ngomong karo anita nggunakake basa
 - a. Basa rinengga
 - b. Ngoko lugu
 - c. Ngoko alus
 - d. Krama lugu
 - e. Krama alus
5. Jangkepana ukara kang rumpang ing pacelathon dhuwur iku
 - a. Sowan lan matur
 - b. Teka lan ngomong
 - c. Rawuh lan matur
 - d. Dugi lan ngendika
 - e. Sowan lan ngendika
6. Tiyang gesang punika ampun njagakaken pawewehing tiyang sanes. Tembung gesang iku ngokone

 - a. Sugih
 - b. Miskin
 - c. Sehat
 - d. Urip
 - e. penak

7. Eyang ngunjuk wedang jae. Adhiku melu-melu wedang jae.
 - a. Ngombe
 - b. Ngunjuk
 - c. Nyruput
 - d. Nyeglak
 - e. nenggak
8. *Kula badhe sekedhap, panjenengan kintun punapa?* Ganepe ukara kasebut kang trep yaiku

 - a. tindak
 - b. lunga
 - c. plesir

- d. lungan
e. kesah
9. *Buku punika sanes kula, Bu.* Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku
- Kagungan
 - Nggene
 - Nggone
 - Duweke
 - gadhahan
10. Ukara-ukara ing ngisor iki luput mungguh unggah-ungguhing basa, *kajaba*
- Eyang sakit waja sampun tigang dinten
 - Putranipun Bu Nanik dipuntampi wonten UGM
 - Kula badhe tindak dateng Madiun
 - Ageman kula sampun kathah
 - Adhik dhahar pisang goreng
11. Ukara – ukara ing ngisor iki bener mungguh unggah – ungguh basa, *kajaba*
- Bapak tindak datheng Surabaya nitih sepur.
 - Kala wingi dalu Simbah pangaosan dalemipun Bapak RT
 - Kula lenggah kursi kaliyan ngaturi bapak.
 - Eyang ngutus kula supados mundhut arta ibu.
 - Ibu mundhut pirsa/ndangu dhateng kula punapa kula saget caos pitulungan.
12. Ibu : Bapak apa wes dahar ?
Bapak : wis, ngentheni ibu kesuwen. Dakkira durung kondur.
Basa kang digunakake penggulan teks kasebut
- Basa rinengga
 - Ngoko lugu
 - Ngoko alus
 - Krama lugu
 - Krama alus
13. Ibu : Aja kesusu turu, solat isyak dhisik, Rin!
Rina : Inggih, Buk. Kula sampun solat. Menawi Ibuk sampun sayah, mangga sare rumiyin!
Ing punggelan teks kasebut, Ibu migunakake basa ngoko lugu, dene Rina migunakake basa
- Basa rinengga
 - Ngoko lugu
 - Ngoko alus
 - Krama lugu
 - Krama alus
14. Rahayu : kula nuwun
Pak edi : mangga manga pinarak yu, .
Rahayu : badhe ngaturake ater-ater, kala wau ing griya bancaan.
Pak edi : ora lungguh – lungguh sik kene.
Rahayu : mboten pak, niki taksih katah. Mangga pak.

- Pak edi : maturnuwun, yo !
 Tembung ater – ater tegese
- Winihan
 - Punjungan
 - Ratengan
 - Aten - aten
 - Athangan
15. Niko : “Bu, nyuwun pangapunten kalawingi kula mboten saged mlebet sekolah”
 Bu Guru : “Kenangapa kok ora mlebu, Ko?”
 Niko : “Kalawingi kula masuk angin, Bu”
 Bu Guru : “Ya wis, lha kowe arep ulangan kapan?”
 Niko : “.....”
 Wangsulane Niko kang trep yaiku
- Menawi kepareng sapunika kemawon, Bu
 - Saiki wae ya, Bu?
 - Nek sakniki priipun, Bu?
 - Umpami mboten ulangan priipun ta?
 - Yen kepareng nggih sakniki mawon
16. Ukara ing ngisor iki kang migunakake basa krama alus kang mboten trep yaiku
- Jam tangan kagunganipun bapak risak
 - Agemanipun ibu ingkang werni abrit, dene rasukan kula ingkang werni cemeng
 - Kula badhe tindak dhateng Surabaya mbenjing enjing
 - Dalemipun Budhe caket margi ageng
 - Eyang gerah waja sampun tigang dinten
17. Siti diutus ibune menyang pasar nanging Siti ora gelem amarga dheweke arep nggarap tugas kelompok ing omahe Dini. Siti anggone matur
- Sepurane Bu, akeh arep nggarap tugas kelompok ana omahe Dini
 - Sorry Bu, aku akeh tugas. Dina iki tugasku nggarap tugas kelompok ing omahe Dini
 - Pangapunten nggih Bu, kula nembe kathah gawean nggarap tugas kelompok dhateng omahe Dini
 - Nyuwun pangapunten Bu, kula badhe nggarap tugas kelompok dhateng dalemipun Dini
 - Nyuwun pangapunten Bu, kula badhe ndamel tugas kelompok wonten griyanipun Dini.
18. *panjenengan arep tindak rene?* Tembung pitakon kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku ...
- Kepriye
 - Kapan
 - Ngendi
 - Sapa
 - pira
19. Ing ngisor iki kalebu ukara pakon, yaiku

- a. Jupukna bukuku ing laci mejaku!
 - b. Ing ngendi papan dunungmu?
 - c. Kowe maneh bisaa, kangmasmu wae ora bisa.
 - d. Bapak arep tindak ngendi?
 - e. Nggawaa payung mesthi ora bakal kodanan
20. Ing ngisor iki kalebu ukara pitakon, yaiku
- a. Disaponana ya tetep isih reged.
 - b. Wong jujur iku bakal mujur.
 - c. Becik ketitik ala ketara
 - d. Sapa sing nandur wit pandhan wangi iku?
 - e. Jupukna banyu putih kanggo ngombe!

II. LEMBAR KERJA SISWA

1. Gawe pacelathon namu kang ngrembug arep nyilih sepedha !
2. Gawe pacelathon nampa tamu kang ngrembug wenehi undangan procothan !

Kunci jawaban evaluasi :

No		No		No		No	
1.	B	6	D	11.	C	16.	C
2.	E	7	A	12.	C	17.	E
3	A	8	E	13.	E	18.	B
4	B	9	E	14.	B	19.	A
5	A	10	B	15.	A	20.	D

1. pacelathon namu kang ngrembug arep nyilih sepedha

Ngampil Sepedha

Anita : “Sugeng enjing Pak Ruslan.”

Pak Ruslan : “Sugeng enjing, o ... Dhik Nita, kene ayo lenggeh kene.”

Anita : “Nyuwun pangapunten Pak, sowan kula punika sepisan silaturahmi, dene kaping kalih wonten perlunipun.”

Pak Ruslan : “Ana perlu apa, gek ndang matur.”

Anita : “Menawi kepareng badhe nyuwun ngampil sepedhanipun.”

Pak Ruslan : “Arep menyang ngendi ta?”
 Anita : “Badhe dhateng apotik numbasaken obat bapak.”
 Pak Ruslan : “O ... lha gerah apa bapakmu?”
 Anita : ”Ngendikanipun namung masuk angin.”
 Pak Ruslan : ”O ya, kana gek ndang mangkat, lha kae sepedhane.”
 Anita : ”Matur nuwun Pak, kula beto rumiyin sepedhanipun.”
 Pak Ruslan : ”Ya kana, ngati-ati.”

2. pacelathon nampa tamu kang ngrembug ater – ater procotan

Ater – ater Procotan

Linda : “Sugeng sonten bu bayan.”
 Bu Bayan : “Sugeng sonten, o ... Dhik linda, kene ayo lungguh kene.”
 Linda : “Nyuwun pangapunten bu, sowan kula punika badhe ater-ater.”
 Bu Bayan : ”ya alloh, ngrepoti dhik linda, sakdurunge maturnuwun. Apa Procothanne mbakmu ratri ki kae .”
 Linda : “inggih bu.”
 Bu Bayan : “ wes di Usg pa durung, lanang apa wedok?”
 Linda : “ nggih, bu. Pun kaping kalih dipunusg jaler terus, niki saking kaluwarga nggih badhe nyuwun pandonga.”
 Bu Bayan : “ muga – muga anggone babaran ora ana alangan lan gampang, kon jaga awake ben sehat terus. Aja lali kon maem woh – wohan karo sayur.”
 Linda : ”nggih bu Bayan, mangke kula ngaturake mbak ratri, niki kaliyan badhe ater – ater procotan datheng tanggi.”
 Bu Bayan : ”O... ati – ati yo.”
 Linda : ”Nggih bu Bayan. Maturnuwun wasalamualaikum.”
 Bu Bayan : ”wa alaikumsalam.”

DAFTAR PUSTAKA

- Balai Bahasa Yogyakarta. 2001. *Kamus Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Kanisius.
- Budiono. (2005). *Kamus Lengkap Bahasa Indonesia*. Surabaya: Karya Agung.
- Harjawiyan, Haryana, dkk.2001. *Kamus Unggah – ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta : Kanisius. .
- Kementrian Pendidikan Nasional.2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin Yang disempurnakan*. Yogyakarta : Balai Bahasa Yogyakarta.
- Mistiyah, Harijono davit, Purnomo Bambang, Wiyono Prasetyo Teguh, Winarto, santosa Rahmat dan Asturi. 2015. *Sastri Basa*. Dinas pendidikan Jawa Timur.
- Mudrajad Kuncoro. (2009). *Mahir Menulis*. Jakarta: Erlangga
- News.detik.com.2020. *Demak Larang Berkunjung Jelang Maghrib*. Jakarta.
- Pemerintah Provinsi Jawa Timur.2014. *Peraturan Gubernur Jawa Timur Nomor 19 Tahun 2014 Tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di sekolah/Madrasah*. Surabaya : Pemprov Jatim.
- Poejosoedarmo, Soepomo.1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Riyadi Imam.2016. *Suluh Basa Jawa Gagrag Anyar*. Yudhistira. Blitar.

Tarigan, H.G.2008. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.



**PEMERINTAH PROVINSI JAWA TIMUR
DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH MENENGAH KEJURUAN NEGERI 1 MAGETAN**

Jl. Kartini No. 6 Telp (0351) 895094 Fax (0351) 895094 Magetan
email : smkn1_magetan@yahoo.co.id | mail@smkn1magetan.sch.id
website : www.smkn1magetan.sch.id



Kode Pos : 63314

LEMBAR KERJA PESERTA



Mapel	: Bahasa Jawa	Waktu	: 2 X 45 menit
Nama Siswa	:	Nama Guru	:
Kelas	:	Anggota Kel	:
Kelompok	:		



3.1. Memahami karakteristik bahasa lisan dalam kegiatan bermain peran, dialog, dan berdiskusi sesuai dengan tatakrama.

4.1 Bermain peran, berdialog, atau berdiskusi sesuai tatakrama.



3.3.1 Mengidentifikasi ciri ragam bahasa lisan dalam teks bermain peran.

3.3.2 Menganalisis karakteristik bahasa lisan dalam bermain peran.

4.3.1 Membaca naskah sesuai dengan peran dalam teks.

4.3.2 Memperagakan peran sesuai karakter tokoh dalam teks.



1. Setelah mengidentifikasi unggah – ungguh basa jawa, peserta didik mampu menggunakan Bahasa lisan sesuai dengan kaidah.
2. Peserta didik mampu menganalisis karakteristik unggah – ungguh basa Jawa dalam bermain peran..
3. Peserta didik mampu menampilkan membaca naskah sesuai dengan peran dalam teks drama.
4. Peserta didik mampu memperagakan peran sesuai karakter tokoh didalam teks.



Alat : laptop, proyektor, spidol dan papan tulis.

Bahan : Naskah teks terlampir.

Paragraf Teks Naskah Drama Inggris ini !

Naskah Lakon
“Nulung Menthung”
Dening: Auliya Akbar

Swasana : Ing bale (ruang tamu), Liesmina mbagekake rawuhe Pak Warta kang lagi dolan tilik putu.

Antawacana :

Pak Warta : Assalamualaikum

Liesmina : Waalaikum Salam, mangga-mangga, Ibu kok boten ndherek?

Pak Warta : Ora, iki mau aku lagi bar njupuk pensiun saka kantor Pos Caruban. Aku ruh bocah mulih sekolah dhampyak-dhampyak, aku kelingan karo Budiputuku, aku njur numpak ojek mrene!

Liesmina : Ibu mangke napa boten madosi?

Pak Warta : Ibu mu lagi rewang ing daleme Bu Lina kidul omah, lan ya wis tak SMS. Hla awakmu kok ya kadingaren ana ngomah?

Liesmina : Niki wau bakda kerja bakti penghijauan massal, kangge ngirangi pangaribawaning pemanasan global. Mila kalih Kepala kantor dipunidini mantuk enjing. Najan kraos kesel nanging remen.

Pak Warta : (clingukan) Budi ing ngendi kok ora katon, apa wis bubuk...apa ngaji ing TPA? Iki dakgawakake jajan pasar. (maringaken Jajan).

Liesmina : Inggih matur nuwun, mangga lenggah (nampa jajan karo nyumanggakake lenggah, ulate sing maune sumringah owah dadi peteng)! Budi kok bubuk siyang utawi ngaji, lare niku duka pripun? mbandhel, luput suwuk Pak!

Pak Warta : Luput suwuk piye? Apa malih nakal? Apa males sinau?

Liesmina : Boten namung mekaten. (karo lungguh madhep Pak Warta) Saben wangsul sekolah, boten nate langsung mantuk teng nggriya, nanging langsung teng warnet...main game online... napa play station.

Pak Warta : Ing ngendi olehe dolanan?

Liesmina : Ing warnet sakilenipun pratigan nika. Malah kala wingi sonten kula purugi, kula malah diamuk, kula ditundhung ken wangsul. Mila lajeng kula ajar teng enggen. Rebo...wingi malah kula ditimbali teng sekolahanipun, awit Budi asring nyuwuni arta kancane...istilah mriki malak utawi mreman ngoten.

Pak Warta : (Ambegan landhung) Sing dakkuwatirake dhek biyen pranyata wis kelakon. Bapak wis nate ngelingake, nalika bojomu metu saka pabrik gula lan nggunakake pesangon saka pabrik minangka modhal dadi rentenir, bapak wis meling, —Aja, aja nganakake dhuwit!! Jalaran wong nganakake dhuwit iku dadi larangan negara lan agama.

Liesmina : Lajeng menapa gegayutanipun kalih Budi yoga kula?

Pak Warta : Wong sing mangan dhuwit anakan iku kena diparibasakake —mangan getihe liyanl, jalaran wong sing nyaur utang iku mesthi ora ikhlas. Apa sing dipangan

lan diombe anakmu iku dadi daging, balung, getih, tenaga, pikiran, lan tingkah polah. Yen barang sing dipangan asale ora bener, budi pekertine anakmu ya mesthi keblinger.

Anggada : Hlo...Bapak! Kula kinten Pak Widodo nasabah kula saking Njiwan. Sampun dangu Pak? (mlebu salaman karo ngambung astane Pak Warta, banjur melu lungguh).

Liesmina : Bapak rawuh menika wau dereng dangu, ngendikane kapang kalih Budi. Nanging Budi dereng mantuk, lajeng kula aturi yen Budi sak menika tambah nakal.

Anggada : Inggih Pak! Kados pundi menika? Kamangka sampun kula kursus-aken, sampun kula les-aken teng Bimbingan Belajar ingkang kondhang, larene kok pancet goblok mawon. Raport-e jiiian, ngisin-ngisini!!!

Pak Warta : Hla awakmu ya tau ngancani Budi sinau?

Anggada : Ahh... boten sempat Pak, boten wonten wekdal. Yen pinuju tanggal nem, sok-sok kula nagih ngantos dalu, awit nasabah kula sakniki sampun sumebar wiwit Madiun ngantos Ngawi.

Pak Warta : Yen ngono saiki aku wis ngerti. Budi dadi nakal lan bijine elek, iku sababe ana ing wong tuwane sakloron. Sing sepisan, Budi iku kurang kasih sayang, kekurangan rasa welas asih.

Liesmina : Ah...rumaos kula kok boten Pak. Budi niku sangune, yen ditandhing kalih kanca-kancane malah paling kathah. Sandhang panganggone, nggih kula tumbasaken ingkang paling modhis. HP-ne paling canggih, inggih paling awis. Dados bab kasih sayang, Budi mboten kekirangan.

Pak Warta : Awakmu iku gagal mahami kasih sayang utawa welas asih. Donya brana sing mbok grojogake marang Budi iku mung mujudake saperangan cilik saka rasa welas asih. Budi nduweni tingkah polah sing kaya mangkono iku, sejatine mung golek kawigaten.

Anggada : Nanging kula merdamel ngantos —suku kula damel sirah, sirah kula damel sukul, menika mangkene rak inggih kangge Budi.

Pak Warta : Mosok nyempatna wektu sedhela wae ora bisa, mumpung durung kebacut. Yen nganti kasep, mengko sida ana —anak polah bapa kepradah!. Yen iku sing dumadi, ndonya sak isine ora bisa kanggo nuku rasa isin lan getunmu.

Liesmina : Inggih, mangke badhe kula cobu nata jadwal merdamel kula.

Pak Warta : Sing angka loro (nyawang Anggodo), supaya anakmu bisa pinter uteke lan bener tumindake...gatekna apa sing dipangan!

Anggada : Ooo...yen bab pangan...gizi...Budi mboten kirang. Pancen leres, kompor ing griya niki mboten nate ngebul. Jalaran, ing zaman ingkang sarwa instan menika...kanthigampil kula kantun nilpun...nengga sekedhap... masakan saking restoran siap saji sampun dugi. Kantun nedha, raosipun sarwa mirasa.

Pak Warta : Sing dakkarepake iku dudu wujud panganan, nanging asal-usule dhuwit sing mbok blanjakake kanggo kulawargamu. Ringkese, lerenana anggonmu dadi rentenir!

Anggada : Hla...kenging menapa kula kedah kendel? Wong pakaryan kula mboten ngrugekaken tiyang, kula malah nulung tiyang ingkang nandang kesusahan.

Pak Warta : Katone pakaryanmu iku nulung, ning sejatine menthung! Anggada : Kok ngaten?

Pak Warta : Saiki coba delengen! (mandheg sedhela) Kepriye nasibe wong-wong sing jaremu mbok tulung, tambah untung apa tambah buntung?

Anggada : Inggih pancet mawon. (matur alus) Malah Pak Brodin kidul lepen nika minggu wingi badhe utang malih, kamangka cicilanipun tasik kathah. Mila mboten kula sukani malih, nanging wusananipun malah utang tiyang sanes. Kula ngertos, lajeng kula tagih peksa...sepedhane kula sita, kula sade.

Liesmina : Kamangka...niku sepedha sing dienggo sekolah putrane.

Pak Warta : Wusanane... Pak Brodin saanak bojone mesthi gething lan muring. Sabanjure mesthi ndonga ala tumrap awakmu sakulawargamu. Ya iki sing njalari memala tumrap bale somahmu.

Liesmina : Inggih Mas Anggodo, dhawuhe bapak miturut kula... leres. Wiwit sakniki, mangga dipunkendeli pakaryan Panjenengan.

Anggada : Banjur aku mergawe apa?

Pak Warta : Hla wong omah pinggir dalam gedhe kok bingung, ya adeg toko pakaian apa mracang rak bisa.

Anggada : Inggih kula nurut, kula ndherek dhawuhe Bapak.

Wangsulana kanthi premati !

1) Ana pira paraga ing teks drama teks lakon kanthi irah-irahan —Nulung Menthung!
Sapa wae aranana ?

.....

2) Kepriye watak-watake para paraga ing drama kasebut ?

.....

3) Ing endi papan dumadining crita ?

.....

4) Apa perkara kang muncul ing teks lakon kasebut?

.....

5) Kepriye urutan kedadeyane crita?

.....

6) Tulisen bakune rembug utawa ide pokok kang dadi punjere crita!

.....

7) Tulis perangan teks kang mujudake akhire cerita crita!

.....

8) Tuduhake perangan teks kang mujudake intine crita, yaiku perangan kang nggambarake dumadine dredah utawa pasulayan!

.....

9) Pasulayan ing crita kasebut karampongi kanthi cara kepriye?

.....

10) Pesen utawa wejangan apa kang pengin diandharake dening panulis?

.....

TUGAS :

Wonten Desa Tempurejo badhe dipunwontenaken pemilihan lurah utawi kepala desa enggal. Calonipun Pak Arif kaliyan Pak Hakiki. Pak Arif punika wirausahawan ingkang sampun misuwur. Pak Hakiki punika lurah tahun kalawingi ingkang badhe nyalon malih. Kinten-kinten sinten ingkang badhe dados lurah Desa Tempurejo? Mangga dipun gatosaken.

Enjing punika wonten dalemipun, Bu Lurah kaliyan Pak Lurah nembe wawan rembag babagan pencalonanipun Pak Hakiki dados lurah.

Pak Lurah : “Bu, sajake bapak arep pungkas anggone dadi lurah. Bapak kepingin bisa nyalon maneh dadi lurah. Apa Ibu sarujuk?”

Bu Lurah : “Ibu sarujuk kemawon ,Pak. Nanging Ibu langkung sarujuk menawi Bapak istirahat kemawon saking jabatan lurah. Paring kalodhangan dhumateng calon lurah enggal”.

Pak Lurah : “Bapak kuwi sajane naming kepingin cedhak karo warga desa lan niyate bapak mbok menawa bisa rong periode mimpin desa iki”.

Bu Lurah :”Menawi mekaten, mangga kersa kemawon, Pak”.

Pak Lurah : “Lho, lho, lho, Ibu iku kepriye ta? Aku nyalon dadi lurah maneh rak ya Ibu melu seneng amarga bisa diajeni karo para warga”.

Bu Lurah : “Menawi mboten dados lurah nggih Ibu kaliyan Bapak ugi dipun ajeni kaliyan warga. Ibu naming mboten remen menawi nalikanipun Bapak mangke dados lurah, sibuk malih mboten kagungan wekdal kagem kulawarga, Pak. Punika menawi Bapak sarujuk kaliyan Ibu”.

Pak Lurah : “Oalah ... Bapak saiki ngerti kenangapa Ibu ora seneng yen Bapak dadi lurah. Yaw is ngene wae, sadurunge Bapak kampanye marang wong-wong, Bapak arep kampanye marang Ibu dhisik”.

Bu Lurah : “Kampanye marang Ibu? Bapak punika priipun?”

Pak Lurah : “Ya mbesuk menawa Bapak kepilih dadi Lurah maneh, bapak bakal tresna lan menahi wektu kanggo kulawarga supaya tetep dadi kulawarga kang rukun, tentrem, lan raharja”.

Bu Lurah : *(mesam mesem)*

Pak Lurah : “Malah ngguyu”.

Bu Lurah : “Bapak punika nggih lucu”.

Pak Lurah : “Ya supaya Ibu bisa sarujuk marang usule bapak. Menawa awake dhewe kompak, kabeh kuwi bakal gampang ta?”

Bu Lurah : “Nggih, nggih, nggih, ibu sarujuk”.

Pak Lurah : “Tenan?”

Bu Lurah : “Saestu. Ibu mesthi donga marang Gusti ingkang Maha Kuwaos kagem Bapak supados dipunparingi gampil sedanten urusan damel kabecikan”.

Pak Lurah : “Ya wis menawa ngono bapak uwis lega, sesuk Bapak ngurus pencalonane Bapak”.

Gladhen 2

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa kang dirembug ing pacelathon antarane Pak Lurah lan Bu Lurah kasebut?

Wangsulan :

.....
.....

2. Apa sebabe Pak Lurah kepingin nyalonake dadi lurah maneh?

Wangsulan :

.....
.....

3. Apa sebabe Bu Lurah ora sarujuk menawa Pak Lurah arep nyalonake dadi lurah maneh?

Wangsulan :

.....
.....

4. Kepriye basa kang digunakake ing pacelathon kasebut?

Wangsulan :

.....
.....

5. Tulisen ukara kang nuduhake menawa akhire Bu Lurah setuju menawa Pak Lurah arep nyalonake dadi lurah maneh!

Wangsulan :

.....
.....


PEMERINTAH PROVINSI
SMKN 1 MAGE
DINAS PENDIDIKAN

Mengetahui :
Kepala SMKN 1 Magetan


Drs. SUGIYANTO, M.Pd
NIP. 19650906190031 009

Magetan, 6 Oktober 2021

Guru Mata Pelajaran


HENGKY SUDARMAWAN, S.S
NIP. 19810211 200901 1 010

Sumber Belajar

Mistiyah, dkk. 2015. *Satri Basa*. Surabaya : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur.

Kunci Jawaban Memperagakan peran sesuai karakter tokoh dalam teks.

1. Wonten 3: Bu Marto, Totok lan Pak Marto.
2. Bu Marto : tanggung jawab, gampang kegawa perasaan
Totok : sabar, sopan, wicaksana
Pak Marto : tanggung jawab nanging emosinan
3. Pak Marto kondur nganti wengi amarga ana masalah ing kantor
4. Bu Marto muwun sedih amarga Pak Marto kena PHK
5. Amanat kang bisa dijupuk saka drama kasebut yaiku wong iku kudu sabar nampa pacoban lan kudu bisa njupuk hikmah saka kedadean kasebut.

PENILAIAN

a. Ranah Pengetahuan

Wenehana tanda (X) aksara a, b, c, d, lan e miturut kang bener !

1. Pak Warta : “Ora, iki mau aku lagi bar njupuk pensiun saka kantor Pos Caruban. Aku ruh bocah mulih sekolah dhampyak-dhampyak, aku kelingan karo Budiputuku, aku njur numpak ojek mrene!” kalebu unggah ungguh basa apa
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko alus
 - c. Krama lugu
 - d. Krama alus
 - e. Basa rinengga
2. Anggada : Hlo...Bapak! Kula kinten Pak Widodo nasabah kula saking Njiwan. Sampun dangu Pak? (mlebu salaman karo ngambung astane Pak Warta, banjur melu lungguh). !” kalebu unggah ungguh basa apa
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko alus
 - c. Krama lugu
 - d. Krama alus
 - e. Basa rinengga
3. Perangan wiwitane crita kanggo nepungake tokoh/paraga, swasana, lan bibit kawit tumuju crita sabanjure, ing struktur teks lakon diarani
 - f. jejer (orientasi)
 - g. pasulayan (komplikasi)
 - h. pangudhare prakara (resolusi)
 - i. pungkasaning crita (koda)
 - j. owahing crita (revolusi)
4. Dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para tokoh/paraga, ing struktur teks lakon diarani

- a. jejer (orientasi)
 - b. pasulayan (komplikasi)
 - c. pangudhare prakara (resolusi)
 - d. pungkasaning crita (koda)
 - e. owahing crita (revolusi)
5. Pungkasan karampungane pasulayan utawa dredah, ing struktur teks lakon diarani....
- a. jejer (orientasi)
 - b. pasulayan (komplikasi)
 - c. pangudhare prakara (resolusi)
 - d. pungkasaning crita (koda)
 - e. owahing crita (revolusi)
6. Ing ngisor iki kang ora kalebu bab kang kudu digatekake nalika maca teks dialog, yaiku
- a. Saben tembung kudu dilafalake kanthi cetha
 - b. Nggatekake tembung-tembung kang kudu dilafalake banter utawa lirih
 - c. Intonasi utawa wirama kudu trep.
 - d. Tempo utawa cepet alone micara ora wigati.
 - e. Tempo utawa cepet alone micara iku penting
7. Ing ngisor iki migunakake basa ngoko alus, *kajaba*
- a. Pak Guru nitih sepedhe motor anyar
 - b. Bu Vera kagungan tas saka kulit ula.
 - c. Bapak wis rawuh mau jam 07.00.
 - d. Mbah Putri ngunjuk obat amargi nembe gerah..
 - e. Mas kolik tuku alat listrik ing Madiun

Gatekna pacelathon ing ngisor iki!

X : "Mangga Bu, ngersakke napa mangga

Y : "Tomatmu ki pira yu?"

X : "Nggih ngersakke pinten, sekilo sedasa Bu....mangga mang milih....lhe ayu ayu "

Y : “Kok sepuluh ta yu, ra oleh kurang?”
X : “Nggih saged kirang sekedhik pinten ta sing ajeng mundhut?”
Y : “Njaluk sekilo wae kok, wolung ewu yo ...”
X : “Wadhuh dereng pareng niku Bu, pun sanga setengah mawon Bu”
Y : “Emoh, wis wolu setengah yen oleh”
X : “Pun sangang ewu Bu”
Y : “Emoh”
X : “Nggih pun ngga Bu ... kajenge, ngge bukak dhasar”

8. Pacelathon kasebut kadadeyan ing

- a. Terminal
- b. Stasiun
- c. Pasar
- d. Mall
- e. Supermarket

9. Kang dirembug ing pacelathon kasebut yaiku

- a. Bakul tomat
- b. Bakul sayur
- c. Tuku tomat
- d. Rega tomat
- e. Nyang-nyangan rega tomat

Gatekna pacelathon ing ngisor iki!

X : ”Pak, pangapunten badhe nyuwun pirsaa”
Y : ”Nggih, napa mbak”
X : “Dalemipun Bu Fitri niku pundi nggih, sanjange kok celak mriki”
Y : “Bu Fitri sinten nggih”

X : “Inkang nyambut damel dhateng Puskesmas Maospati Pak”

Y : “O, .. Bu Bidan ta nggih niki mangke sampeyan lurus mawon, terus wonten protelon sampeyan mendhet kiri lajeng griya nomer tiga saking protelon niku daleme Bu Bidan, inkang werni biru pageripun ...”

X : “O nggih Pak, matur nuwun..”

10. Pacelathon kasebut kedadeyan ing

- a. Daleme Bu Fitri
- b. Pinggir dalan
- c. Protelon
- d. Pasar
- e. Terminal

11. Kang dirembug ing pacelathon kasebut yaiku

- a. Daleme Bu Fitri
- b. Daleme Bu Bidan
- c. Dalan menyang daleme Bu Fitri
- d. Puskesmas Maospati
- e. Nyuwun pirsu badhe dhateng daleme Bu Fitri

12. Ing ngisor iki kang kalebu ukara kandha yaiku

- a. Adhik mangsuli : “ Aku ora ngerti apa-apa lho Mas”.
- b. Bapak ngendika : “Besuk yen wis padha mulih kabeh takwenehi ngerti”.
- c. Ibu ngendika : “wis Pak, ora usah dipikir banget-banget”.
- d. MbaknSari ngendika : “Bocah kuwi pancen ora duwe tata krama “.
- e. Adhik mangsuli jarene dheweke ora ngerti-apa-apa

13. Ing ngisor iki gunane basa ngoko alus, yaiku

- a. Kanggo omongan karo wong kang luwih tuwa
- b. Kanggo omongan karo wong kang luwih enom

- c. Kanggo omongan karo wong sing sabarakan
- d. Kanggo omongan karo wong sing lagi wae kenal
- e. Kanggo omongan karo wong sing kaprenah tuwa marang wong enom sing drajade luwih dhuwur

14. Ing ngisor iki titikane basa ngoko alus, *kajaba*

- a. Tetembungane ngoko kacampuran tembung krama inggil.
- b. Tembung sesulih utama purusa:aku, madyama purusa:kowe diganti panjenengan
- c. Ater-ater lan panambang ngoko
- d. Tetembungane krama inggil digunakake ing tembung wasesa
- e. Ater-ater lan panambang dikramakake

15. Ing ngisor iki gunane basa ngoko alus, *kajaba*

- a. Sedulur tuwa marang sedulur enom kang luwih dhuwur drajate.
- b. Garwane priyayi marang sing kakung.
- c. Priyayi marang priyayi yen wis ngoko-ngokonan.
- d. Wong tuwa marang wong enom.
- e. Ibu marang Bapak kang wis ngoko-ngokonan (wis kulina)

16. “*Mengko sore tekaa menyang omahku*” yen disalini nganggo basa krama alus dadine

- a. Mengke sonten mang teng nggen kula
- b. Mangke sonten panjenengan kula suwun rawuh dhateng griya kula
- c. Mangke sonten panjenengan kula suwun rawuh dhateng dalem kula
- d. Mangke sonten sampeyan kula suwun rawuh dhateng dalem kula
- e. Mangke sonten sampeyan rawuh teng nggen kula nggih

17. Ukara ing ngisor iki kang bener miturut undha-usuke basa yaiku

- a. Bapak lunga dhateng Solo
- b. Kula badhe siram rumiyin

- c. Ibu nembe dhahar semangka
- d. Nalika eyang rawuh, kula tindak dhateng Madiun
- e. Simbah maca koran dhateng kamar

18. “*Omahe sing madhep ngalor cedhak pasar kuwi ta?*” yen didadekake basa krama alus yaiku

- a. Daleme sing madhep ngalor cedhak pasar kuwi ta?
- b. Daleme ingkang majeng ngaler caket peken punika ta?
- c. Dalemipun ingkang majeng ngaler caket peken punika ta?
- d. Griyanipun ingkang majeng ngaler caket peken punika ta?
- e. Griyane ingkang majeng ngaler caket peken punika ta?

19. Ukara ing ngisor iki kang kurang trep mapane miturut undha usuke basa yaiku

- a. Dhik ampun rame-rame bapak nembe tilem
- b. Buku punika sanes kula ingkang mbeto
- c. Gadhahan kula ingkang werni cemeng kok mbak, sanes punika
- d. Mas panjenengan siram rumiyin, kula adus bibar panjenengan kemawon
- e. Bu, menawi asrep ngagem singep punika

20. Ukara ing ngisor iki kang kurang trep yaiku

- a. Bapak kesah dhateng Jakarta
- b. Kula nembe rawuh kala wau enjing
- c. Budhe nembe gerah paningalipun
- d. Ibu tumbas sareng wonten warung
- e. Kula mundhut gendhis dhateng peken

LEMBAR KERJA SISWA

Nama	
------	--

Kelas	
Sekolahan	

Wenehana tandha ping a, b, c, d utawa e !

1.	a	b	c	d	e
2.	a	b	c	d	e
3.	a	b	c	d	e
4.	a	b	c	d	e
5.	a	b	c	d	e
6.	a	b	c	d	e
7.	a	b	c	d	e
8.	a	b	c	d	e
9.	a	b	c	d	e
10.	a	b	c	d	e
11.	a	b	c	d	e
12.	a	b	c	d	e
13.	a	b	c	d	e
14.	a	b	c	d	e
15.	a	b	c	d	e
16.	a	b	c	d	e
17.	a	b	c	d	e
18.	a	b	c	d	e
19.	a	b	c	d	e
20.	a	b	c	d	e

Skor Total

20														
21														
22														
23														

$$\text{Nilai} = \frac{\text{Jumlah skor yang diperoleh}}{\text{Jumlah Skor Maksimal}} \times 100$$

Indikator :

A = Ucapan

1. Siswa mengucapkan tidak jelas.
2. Siswa mengucapkan kurang jelas.
3. Siswa mengucapkan jelas.
4. Siswa mengucapkan sangat jelas.

B = Nada dan irama.

1. Penggunaan nada dan irama tidak tepat.
2. Penggunaan nada dan irama kurang tepat.
3. Penggunaan nada dan irama tepat.
4. Penggunaan nada dan irama sangat tepat

C = Struktur Kalimat

1. Penggunaan struktur kalimat tidak benar.
2. Penggunaan struktur kalimat kurang benar.
3. Penggunaan struktur kalimat benar.

Kunci Jawaban Test Formatif

- | | | | |
|------|-------|-------|-------|
| 1. A | 6. D | 11. C | 16. E |
| 2. D | 7. D | 12. D | 17. D |
| 3. A | 8. D | 13. B | 18. B |
| 4. B | 9. D | 14. C | 19. B |
| 5. C | 10. B | 15. C | 20. D |




Mengetahui :
Kepala SMKN 1 Magetan

Drs. SUGIYANTO, M.Pd
NIP. 19650906190031 009

Magetan, 6 Oktober 2021

Guru Mata Pelajaran


HENGKY SUDARMAWAN, S.S
NIP. 19810211 200901 1 010